Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого, лъилъе, нилъ гьечIого, хур.
Инхоса ГIали-хIажи



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

www. mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

№ 46 (6626) 12 ноябрь 2018 с. Итни РабигIул аввал 1440 с. Багъа

РОРХАТАЛ МУГIРУЗДА РУГО ГIАДАМАЛ...

## Ингишо росулъеги бачине буго тIабигIияб газ

### Владимир Иванов хIалтIулаб сапаралъ Бакълъулазул районалде вачIана

**Гьал къояз Бакълъулазул районалде хIалтIулаб сапаралъ вачIана Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Владимир Иванов.**



Дагъистаналъул тIадегIанаб нухмалъиялъул вакил гIахьаллъана Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул цIияб бараб цIияб комплекс рагьиялъулъ, щвана маданияб централде, Инхоса ГIали-хIажиясул цIаралда бугеб централияб библиотекаялде, музеялде ва цогидалги гIуцIабазде.

Районалъул администрациялда тIобитIана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовасул Владимир Ивановасулгун дандчIвай. Дандрана муниципалитет социалиябгун экономикияб рахъалъ цебетIеялъул, федералияб, республикаялъулал программабазда гIахьаллъиялъул суалал.

Владимир Ивановас абуна Дагъистаналъул нухмалъулел хIадур ругин гIадамазул яшав лъикIлъиялъе, кинабго рахъалъулаб цебетIей щвеялъе районазе ва шагьаразе кумек гьабизе.

ДандчIваялда гIахьаллъана ДРялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министр ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов. Гьес рагIи кьуна Бакълъулазул районалъул тIасияб зонаялда бугеб ва тIабигIияб газ бачиналъул программаялда гьоркьобе ккечIеб Ингишо росдае гIарцулал сурсатаздалъун кумек гьабизе.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас администрациялъул хIалтIухъабазе тIадкъай кьуна Ингишо росулъе газ бачиналъе документал хIадуреян.

**«Гумбет» РИО**

ХАЛКЪАЛЪУЛ ПАРАХАЛЪИ ЦIУНУН

## Низам цIунулезе - камилал шартIал

### Бакълъулазул районалда тIобитIана Россиялъул ОМВДялъул цIияб мина хIалтIизабизе кьеялда бан рохалилаб данделъи

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъ тIобитIана Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъул цIияб мина рохалилаб къагIидаялда рагьиялъул данделъи.**

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Владимир Иванов, ДРялъул жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадов, «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, ДРялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министр ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, «Гильдия строителей СКФО» СРОялъул ассоциациялъул нухмалъулев ГIали Шахбанов, ДРялъул МВДялда цебе бугеб жамгIияб советалъул нухмалъулев, юридическиял гIелмабазул кандидат Багьавудин МухIамадов ва цогидали.

«Жакъа нилъер рохалилаб къо буго. Нилъеца рагьулеб буго Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул цIияб мина. Гьединал лъугьабахъиназ хIалтIуде гьира базабула, щайгурелъул гьанир хIалтIулезе санагIатал шартIал гIуцIулел ругелъул, тIадегIанаб даражаялда гIадамазе хъулухъ



гьабизе парахалъи цIуниялъул органазул хIалтIухъабазе рес кьолеб бугелъул. Бакълъулазул районалъул гIадамазда гьоркьоб парахалъи ва рекъел цIуниялъе кIвар кьей ккола полициялъул хIалтIухъабазул масъала. ЛъикIал шартIал гьечIеб рорхатал мугIрузда яшав гьабулеб буго гьаниб гIадамаз. Нилъеца хIалтIи гIуцIизе ккола отделалдаса гражданал жидерго масъалабиги тIуран инедухъ», - ян абуна ДРялъул жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадовас.

Республикаялъул министрас баркала загьир гьабуна Россиялъул Федерациялъул жанисел ишазул министр Владимир Колокольцевасе, РФялъул МВДялъул тылалъул хъулухъалъе, Дагъистаналъул, муниципалитеталъул нухмалъиялъе, Россиялъул МВДялъул Гумбеталда бугеб отделалъе цIияб мина баялда хIалтIарал бакIал ралезе.

Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Владимир Ивановас тIадчIей гьабуна муниципалитетал, республика, тIолабго улка цебетIеялъе объектал раялъул бугеб кIваралда. «Жакъа Гумбеталда рагьулеб буго Россиялъул МВДялъул районалъул отделалъул цIияб кIудияб мина – унго-унгояб кIалгIа. Корпусал рана кIиго соналда жанир. Республикаялъул нухмалъулезул ва гIадамазул парахалъи цIунулезул рахъалдасан баркала кьола захIматал шартIазда жидеда церелъурал масъалаби тIуразарурал бакIал ралезе. Цоги нухалъ баркула Гумбеталъулазда, Дагъистаналъул жанисел ишазул министрасда гьаб гIажаибаб, санагIатаб мина бан лъугIин. Отделалъул тIолабго коллективалда баркула цIияб минаялде рахьин, тIаде щолеб бугеб жанисел ишазул органазул хIалтIухъабазул байрам, гьарула киназего сахлъи, рохел, кинабго лъикIабщинаб.

Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас баркала загьир гьабуна жанисел ишазул отделалъе цIияб берцинаб мина базе квербакьаразе. «Киналго бакълъулазул рахъалдасан ракIракIалъулаб баркала кьола РФялъул жанисел ишазул министр Владимир Александрович Колокольцевасе, ДРялъул жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадович МухIамадовасе, Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевасе, ОМВДялъе корпусал раразе.

(Ахир - кIиабилеб гьумер.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Болдиноялде нухда хергун чIахI бижиларо

-2 гьум.



Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа аслиял школал къачIалел руго

-2 гьум.



В Гумбетовском районе проходят образовательные курсы по Федеральной программе «Ты – предприниматель»

- 4 гьум.



Бакълъулазул районалъул ЛъаратIа росулъ тIобитIана «ГIадамазе рохел сайгъат гьабиялъе гIоло» акция

-4 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе. Инхоса ПIали-хIажи

№ 46 12 ноябрь 2018 с.

# Низам цIунулезе - камилал шартIал

(Байбихьи- тIоцебесеб гьум.)

10 ноябралда полициялъулаз кIодо гьабула жидерго махщалилаб байрам. Халкъалъул парахалъи цIунулел, ВатIан цIунулел нужее гьарула хIалтIулъ бергьенлъаби. Рекъел ва тIегьай гьаризе бокьун буго Дагъистаналъе, тIолабго Россиялъе», - ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

ОМВДялъул мина рагьиялъул тадбиралда гьединго кIалъазе рахъана ДРялъул росдал магIишаталъул ва кванил нигIматазул министр ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимов, «Гильдия строителей СКФО» СРОялъул ассоциациялъул нухмалъулев ГIали Шахбанов, ДРялъул МВДялда цебе бугеб жамгIияб советалъул нухмалъулев Багьавудин МухIамадов ва цогидалги.

Дагъистаналъул МВДялъул рахъалдасан ХIурматалъул грамотаби кьуна корпусал раялда хIалтIарал бакIал ралезе ва цогидалги жавабиял гIадамазе.



ЦIияб мина хIалтIизе биччаялъул тадбиралда чIоло кьотIиялда гIахьаллъана Дагъистан Республикаялъул бетIерасул ва ХIукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Владимир Иванов, ДРялъул жанисел ишазул министр ГIабдурашид МухIамадов ва Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов.

Рохалилаб данделъиялда художественниял номерал рихьизаруна районалъул лъималазул искусствалъул школалъул «ГьитIинал магIарулал» ансамблялъ ва Россиялъул халкъазул гIадатияб маданияталъул централъул кочIохъабаз.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

# Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа аслиял школал къачIалел руго

### Бакълъулазул районалда гIумруялде бахъинабулеб буго «Нусго школа» программа

**6 ноябралда «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда тIобитIана республикаялъулаб «Нусго школа» программа гIумруялде бахъинабиялъул, гIадамазе социалияб кумек гьабиялъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**



Данделъиялда гIахьаллъана федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул хIалтIухъаби, районалъул гIуцIабазул, учреждениязул нухмалъулел ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас.

РФялъул пенсиязул фондалъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев ТIалхIат Жамалудиновас бицана пенсиязул хIакъалъулъ законазда ккарал хиса-басиязул.

Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетIерав специалист – эксперт МухIамад Лабазановас тIадчIей гьабуна росдал магIишаталъул предприятияз жиндир заманалда отчетал кьеялде ва налогал ракIариялде кIвар кьезе ккеялда.

Сахлъи цIуниялда бугеб хIалалъул бицана Бакълъулазул районалъул больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас.

Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас борхана Гьоркь Инхоб бугеб спортгимнастикияб залалъе ремонт гьабизе хIажат букIиналъул суал, гьединго бицана муниципалитеталъул росабазул командабазда гьоркьор мини-футболалъул «Лига Гумбета» кьецал 2 моцIалъ тIоритIанилан.

Ингишо гьоркьохъеб школалда халгьаби тIобитIиялъул, жанисеб политикаялда хурхун гьарурал цогидалги тадбирал бицана районалъул администрациялъул юридическияб отделалъул нухмалъулев Хайрудин Халидовас.

Муниципалитеталъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас тIадчIей гьабуна лъайкьеялъул бутIаялда бугеб хIалалда.

«Бакълъулазул районалда лъикI унеб буго республикаялъулаб «Нусго школа» программа гIумруялде бахъинаби. Игьали гьоркьохъеб школалъул минаялъул тIох цIи гьабуна, унел руго цогидал хIалтIабиги. МелъелтIа аслияб школалъе капиталияб ремонт гьабизе сурсатал кьолел руго инвесторас», - ян абуна Рамазан МухIамадовас.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиев кIвар кьун гIенеккана кIалъаз рахъараз бицунелъухъ, пикру буссинабуна хехго тIуразе ккол масъалабазде, жавабчилъи бичIчIун, киналго магIишатиял бутIаби церетIезелъун жигаралда хIалтIеян абуна.

**«Гумбет» РИО**

ЦАГЪУР

# Хурибе хьон – хьагинибе хинкI

**Бакълъулазул районалъул росдал магIишаталъул производственниял кооперативаз тIасияб соналъул бачIиналъе кьучI лъолеб буго. Районалъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул агроном ХIайбула Нажмудиновасул рагIабазда рекъон, хьон хьалелде бегун буго 645 гектар. 6 ноябралде хьан буго 429 гектаралда хьон, гьелдасан «Тляратинский» СПКялъ 120, Шамилил цIаралда бугеб СПКялъ 100, «Цилитлинский» СПКялъ 90, «Гьудуллъи» СПКялъ, «Ингишинский», «Щабдухский» СПКяз 25, «Данухский» СПКялъ 15, «Цундинский» СПКялъ 13 гектаралда.**

Ихдалил рекьи гьабилелдеги бегун буго 125 гектар ракьул.

Умумузул аби буго «Хурибе хьон – хьагинибе хинкI» абураб. Гьединлъидал хурибе хьон ккезабизе гIедегIил гьабизе ккола.

**ГIайшат Исламбиева**

ДУНЯЛАЛДЕ РАГЬАРАБ ГОРДО

# Болдиноялде нухда хергун чIахI бижиларо

### ХIамзат ГIизудиновас гIахьаллъи гьабуна Гьоркьияб Новгородалда тIобитIараб миллияб адабияталъул фестивалалда

**3-5 ноябралда Гьоркьияб Новгородалда ва КIудияб Болдиноялда тIобитIана, халкъалъул цолъиялъул кьоялъул хIурматалда Россиялъул халкъазул миллияб адабияталъул къо. Фестивалалъул гIандуникIица жиндирго вас ирсилав Булачихъе авар мацIалда XV гIасруялъул 1485 соналъ хъвараб кагъат. Дагъистаналда ислам ва гIарабазул маданият тIибитIараб мехалъ гIалимзабаз, интеллигенци-**




**байданалда «Авар мацIалъул ва адабияталъул тарих» абураб докладгун кIалъазе вахъана «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор, Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член ХIамзат ГIизудинов. Фестивалалда гIахьаллъана Россиялъул батIи-батIиял букIназдаса 40 ялдаса цIикIкIун батIияб мацIалъул ва адабияталъул вакилзаби.**

3 ноябралда хъвадарухъаби, шагIирал, гIалимзаби ва тадбиралъул цогидалги гIахьалчагIи ана машгьураб Пушкинилаб бакI Большое Болдино росулъе. Гьалбадерида бихьизабуна Александр Пушкинил музей-заповедялъул вакилзабаз гIуцIана авар алфавит гIараб графикаялъул кьучIалда – гIажамалъ хьвайхьвагIай. ГIажам къагIидаялъ хьвана жидерго асарал Дагъистаналъул гIелмуялъул ва маданияталъул машгьурал хIаракатчагIи Кьудукьа МухIамадица (1651 – 1716 сонал), ГIаймакиса Абубакарица (1715-1797), Инхоса ГIалихIажияс (1845-1891), Игьалиса Чупалас (1877-1937), ХьахIаб росулъа МахIмудица (1873-1919), ЦIадаса ХIамзатица (1877 – 1951) ва гIемерал цогидазги. Латин алфавиталъул кьучIалда 1928 соналъ гIуцIана цIияб авар алфавит, 1938 соналдайин абуни гьеб алфавитги хисизабуна кириллицаялъул



ник, поэт бетIергьанаб ва цIигьабун къачIараб мал-мулк. КIудияб Болдино росулъ Пушкиница хьван лъугIизабуна кочIодалъун хъвараб роман «Евгений Онегин», поэма «Медный всадник», хъвана цогидалги машгьурал асарал. 1830 соналъул хаслихъе Болдиноялда поэтас хъвана батIи-батIиял жанразул гIемерал асарал.

4 ноябралда Нижегородскалъул ярмаркаялъул № 1 павильоналда кIалъаял гьаруна ва миллияб адабияталъул масъалабазул бицана шагIирзабаз, хъвадарухъабаз, гIалимзабаз.

«Аваразул хъвай-хъвагIай баккана XV гIасруялда. ЦIунун буго Аваразул ханлъиялъул бетIер нуцал графикаги хIалтIизабун», - ян бицана ХIамзат ГIизудиновас.

КIалъазе вахъарав щивас бицунеб букIана миллияб адабият, мацIал, маданият цIуниялъул ва церетIезариялъул кIвараралъул. Россиялъул пачалихъалъе кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун букIана Гьоркьияб Новгородалда 1612 соналъ Кузьма Мининица ва Дмитрий Пожарскияс халкъияб ополчение гIуцIи, жинцаги улкаялдаса хъамалчагIи рачахъараб. Гьеб заманалда чияр ракьал рахъулездаса ВатIан эркен гьабизе цолъана улкаялъул халкъал. Гьоркьияб Новгородги ккола халкъалъул цолъиялъул байрамалъул тарихияб бакIлъун.

(Ахир - 3 аб. гьум.)

ДИНИЯЛ ЦЕРЕХЪАБИ

# Дуде нижер салам, СагIид-афанди

Жагьилас гIакъиласе къимат кьей рекъоларо,
Жагьилав дун гIалимлъун гIумруялъ вукIинчIелъул.
КIал-мацIалъул пасихIлъи мукъсанав инсанасе,
Буго бицине бокьун вокьулев устарасул.
ГIумруялъ дие кьурал дарсал гIемер ругелъул
Лъай дагьав вукIаниги, ракIалъул хабар буго.
Дуниял-гIаламалъе лъим-квенгIан хIажатав,
ХIабибасул ирсилав ун вугелъул ракьалде.
ГIолохъанлъуда дун гIемер щвана ЧIикIаве,
Щиб лъелго, чу рекIун МокIолоб магIардасан.
Ралъдал тIиналда ругел чIикIасезул къватIазда,
Харабазда хьибил цун харбазухъ гIенеккана.
Хъваш-маш гьабилелдего дир инсул гьудулзабаз,
Гьав вас Данухъа вугин диде килищ битIана.
ТIингъал рукъизаризе яги цоги хIажат ккун,
Кидаго гьаниса тIун гьесул эмен вукIинчIин.
Дун ахирисеб нухалъ ИмангIалил росулъан,
Ахъсу кIкIал бахун ана Бахул МухIамадихъе.
КIал ккун вукIун вакъиялъ яхI хварав нухлулав дун,
Хинаб квенги гьабун гьес кваназавун витIана.
КватIичIого лъелъ тIерхьун тIагIине бугеб росулъ,
Мина-къайи къачIади чIезе тунго гьечIоан.
Чол бокьалда гъоркь хъарщи кьабулев гьоболасда,
Гьесул гIадаллъи щибан гIажаиблъун гьикъана.
Росу бугеб бакIалда ралъад букIине бугин,
Нужее цоги бакIалъ рукIел гьабулеб бугин,
ГIададисеб гIакъуба щай гьаб росулъ гьабулеб,
Яги гьелде божийищ жамагIаталъул гьечIеб?
Дие гьес жаваб кьуна жидер хабалалъ ругин,
Хобал шайихзабазул, зарал ккезе рес гьечIин.
Гьезда рагIичIогойищ, рагIун бокьичIогойищ,
Лъеберабилеб соназ букIараб репрессия.
РекIелъа имам арал исламалъул тушбабаз,
Чан шайих-гIалимасул гIумру къокълъизабураб?
Эмен туснахъалда хун хутIарал бесдалалгун,
Эбел высылать гьаюн Сибиралде йитIарай?
ГIайибго гьечIел чагIи, гIарзабиги тIасан хъван,
Туснахъазда гIемераб гIазаб кьун хвезарурал.
Лъай бугеб гIалам гъорлъа, гъурун лъугIизе гьабун,
Пролетаралин абун тана жагьилаб агьлу,
МагIарда картошкадул донкIал рахъизе рачIун,
Хъутаналдаса гIиял гIухьбузде тIаде ккана.
Халатаб сапаралда свакарав чи салам кьун,
СанагIатаб бакIалда гьез гIодов чIезавуна.
Бихьа-рагIараб бицун хабаралда рукIана,
Хабаралда гьоркьоб гьез цо вехьасул бицана.
Берцинаб гIамалалъул гIаданлъи цIакъ камилав,
Кинацаго веццулев вугоан гьев чIикIасев.
Гьез адаб-хIурматалда кинацаго рехсарав,
СагIидго щиван абун ракIалде ккун букIана.
Гьелдаса хадув дунги берцинаб байданалде,
ЦIияб ЧIикIаве щвезе щибго къваригIел ккечIо.
Доб мехалъ лъалароан лъиданиги балъголъи,
Гьениса цо тIогьол хьон тIирщан баккизе букIин.
Гьеб тIогьода тIад чIезе тIаланаял кинигин,
ТIолго гIалам бакIари букIинчIо загьиралда.
ТIадегIанав Аллагьас гьеб тIегь сабаблъун тIамун,
ТIубан хисизе букIин  хасият гIаламалъул,
ХерлъизегIан вас-васалъ рукIарал гIадамазул,
ГIумру гвангъизе букIин гьеб тIогьол бараката̄лъ.
Щивасул рекIелъ бакI ккун букIараб иблис хъамун,
Гьеб тIогьол махIги сунтIун руссана иманалде.
ЦIияб ЧIикIаве щвезе щибго къваригIел ккечIо.
Гьеб тIогьода тIад чIезе тIаланаял кинигин,
ТIолго гIалам бакIари букIинчIо загьиралда.
ТIадегIанав Аллагьас гьеб тIегь сабаблъун тIамун,
ТIубан хисизе букIин хасият гIаламалъул.
ХерлъизегIан вас-васалъ рукIарал гIадамазул,
ГIумру гвангъизе букIин гьеб тIогьол баракаталъ.
Щивасул рекIелъ бакI ккун букIараб илбис хъамун,
Гьеб тIогьол махIги сунтIун руссана иманалде.
Гьеб тIогьол квацIиги гIун тIад кверал рахъарасул,
Каранда рекIел кIутIи батIа гьабизе лъала.
Гьединазул рукъзабахъ Къуръан цIалулеб гьаракь,
Гьоркьо-гьоркьоб рагIунеб гIадатлъун лъугьун буго,
ГIолохъаби хисана хвараб гIамал рехун тун,
Хараби, годекIан тун, мажгитахъе руссана.
Рос-лъадиялда гьоркьоб кьогIлъи дагьлъизабуна,
Кьибил-тухумалдаги гьуинлъи гIемерлъана.
ГьитIиназ кIудиязул адаб-хIурмат гьабуна,
Божилъи щулалъана, щайтIан тIуризабуна.
Гьеб баракат бугеб квер киса-кибего щвана,
Щибав чиясул рекIелъ рукIел исламалъ ккуна.
Гьеб тIогьода речIчIулел ганчIал камун рукIинчIо,
Кинниги борхалъуде рахине гьезда кIвечIо.

* * *

ГIаркъица мехтарал ригьине гьарун
Гьуинлъизабуна зикру халкъалъе.
Алжан-жужахIалъул хIакъикъат лъазе
ХIакълъунго тIамуна тIолгоял дуца.
Рокъоб къварилъиялъ къулизарурал,
Къварилъиги рехун рохизаруна.
Эбел-инсул адаб лъималаз гьабун
Лъалеб хиси ккана халгьабунани.
БухIулеб тамахьо тана гIемераз,
Тукабахъ хIарамаб дагьлъана къайи.
Гъансито роцIана, ракIал гвангъана,
РекIкI-цIогь къанагIалъун, гIадлу бачIана.
Дицани абила диналда жаниб,
ХIуригат бахъанин дуца, КIудияв,
Гьединго ракьалда халкъалъул къисмат,
Цо чиясда бараб букIун бугилан.
Чан мехтарав эмен рокъове щведал,
Ракъарал хъизаби хIинкъун рахчичIел.
Хъизаналъе квине квен камунги тун,
Чанас гIарац кьечIеб гIаракъиялъухъ.
Алжан-жужахIалъул ихтияр бугев,
Аллагь тун батIияв тIокIав чи гьечIо.
Гьенире унеб нух батIа гьабизе,
ТIамуна дуца ниж, хирияв эмен.

* * *

БетIергьанасул къадар, къаданиб чIвараб гIажал,
ГIумруялдаса ватIа тIезе щвана замана,
Шагьидасул хвелги щун, щвана мун ахиралде,
Амма ракьалда тIогьол кьалбал чIаго хутIана.
Гьел кьалбаз ракьалда тIад кьела гIемерал чIорал,
Щибаб чIоралда тIадги тIагIамаб пихъ бижила.
Дир гIагараб Дагъистан гвангъун бачIунеб буго,
Гьаб исламалъул нуралъ рохел бачIунеб буго.
Малъарабщинаб тIолго тIубазе кIвечIониги,
Дуца кумекги гьабун ккезаре, устар, ритIун.
Кун тIурал чIумал гIадин, гIодор щущарал нижер,
Жавабалъе хIал кIвечIел чIорого тоге дуца.

* * *

Гьаб дуниялги тун сапар бухьиндал
Салам кьун къуличIищ КъурамухIамад?
Мун шагьидзабазул сверуде ккедал,
Квер босизе щвечIищ СаййидмухIамад?
Къуръан-хIадисазда гIумру хурхараз,
ГIиллиюналде щун дандчIвай гьабичIищ?
ЧIагоял пашманал, хварал рохараб
Хвел щун дунял тарав, диналъул эмен.
ГъотIол рохтиялда гIащтIи кьабурал,
ГIодизе руго нуж ахираталда.
Ахил пихъ халкъалъе гьукъарал бандал
Ракъуца хун ина нуж хобалъуре.
Гагу хунин абун хур бекьичIого,
ХутIиларин абун аби букIуна.
Гагудал тIанчIаца тIолго сверухълъи
ТIаде рахъайилан ахIулел руго.

**МухIамадзапир ГIабдулманапов,**
**Данухъ росу**

КЪУРУЛЪ КЪАБУРАЛ МАГIАЛ, МАГIАРУЛАЛ ЧIАХЪАГИ

# Бергьана Килалъ, ЦIиликь, ИчичIали росабазул командаби

### Футбол хIаялъул къецазда бергьаразе сайгъатал кьуна

**ЦIияб Данухъ росулъ тIобитIана мини-футболалъул «Лига Гумбета» къецазда бергьаразе сайгъатал кьеялда ва халкъалъул цолъиялъул къо кIодо гьабиялда хурхараб рохалилаб данделъи.**



КIиго моцIалъ тIоритIана иргадал щибаб анкьалъ 10 командаги гIахьаллъун, (ЦIияб Данухъ, ЦIияб ЦIиликь, Сивухъ) Бакълъулазул районалъул гIатIиракьалде гочаразда гьоркьор мини-футболалъул къецал. Ахирисеб туралдаса хадур хIасилал гьаруна ва чемпионаллъун, призераллъун рахъана футболалъул командаби: «Килалъ» - тIоцебесеб бакI, «ЦIиликь» - кIиабилеб бакI, «ИчичIали» - лъабабилеб бакI.




ЦIияб Данухъ тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, ЦIияб Данухъ росдал имам ХIажимурад МухIамадов, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров, «Патриоты» АОО гIуцIиялъул рахъалдасан ГТОялъул куратор Заур Халидов, ЦIияб Данухъ гьоркьохъеб школалъул нухмалъулев ГIисахIажи Юнусов, Бакълъулазул районалъул гIатIиракьалда ругел росабазул куратор, районалъул Собраниялъул депутат ГIабдулатIип ГIисаев, Казбек районалдаса хIурматиял гьалбал ва цогидалги.

КIалъазе рахъараз баркала кьуна гьеб тадбир гIуцIаразе, бицана гIолилазул вацлъиялъулаб, гьудуллъиялъулаб гьоркьоблъиялъул, цолъиялъул хIакъалъулъ. Жиндирго кIалъаялда МухIамад Зубайировас абуна: «ГIабдулатIип ГIисаевасул ва росабазул кураторазул нухмалъиялда, гIатIиракьалда ругел росабалъ хIалтIи жигаралда гIуцIулеб буго. Халкъалъул цолъиялъул къоялъул хIурматалда тIобитIулеб гьаб тадбиралъги бихьизабулеб буго Дагъисталъул ва нилъер районалъул гIадамазул гъунки. Цебегосеб тарихалде кьалбал риччараб, Россиялъул халкъазул цолъиялъ нилъ бергьенлъабазде рачине руго. Къей гьечIеллъун рукIине руго нилъ цолъиялда, вацлъиялда ругебгIан мехалъ».

Бергьаразе кьуна грамотаби, гIарцулал сайгъатал, тIоцебесеб бакI ккураб командаялъе хьвадулеб кубок. ГIабдулатIип ГIисаевас абуна футболалъул къецал ихдал ва хаслихъе хадурккунги тIоритIизе ругин.

**Гумбеталъул**
**гIолилазул центр**

# Болдиноялде нухда хергун чIахI бижиларо

**(Байбихьи - 2 аб. гьумералда)**

Дагъистаналъул делегациялда цадахъ рукIана ва церерахъана «ГIакаро» ансамблялъул къурдухъаби, Дагъистаналъул халкъияй артистка ГIайшат Тажудинова ва цогидалги. Фестивалалъул байдабазда жидерго халкъазул адабиятлъул хIакъалъулъ бицана гьединго шагIирзаби ва хъвадарухъаби Шамил Лутовас, Хизри Асадулаевас ва Фахретдин Оруджевас. Адабияталъул, мацIазул ва маданияталъул бицарав ункъасего кьуна «Россиялъул халкъазул миллияб адабияталъул фестивалалда жигараб гIахьаллъиялъе гIоло» диплома̄л. Гьезда гъулбасал гьарун руго печаталъул ва халкъиял коммуникациязул Федералияб агентствоялъул рахъалъ нухмалъулесул заместитель Владимир Григорьевас ва Нижегородск областалъул культураялъул министр Надежда Преподобнаялъ.

Россиялъул 20 ялдаса цIикIкIун басмаханаялъ ва тIахьазул тукабаз Нижегородскалъул ярмаркаялде тIахьал рачIун рукIана. Фестиваль тIобитIана Россиялъул Федерациялъул культураялъул министерствоялъул ва печаталъул, халкъиял коммуникациязул рахъалъ Федералияб агентствоялъул хIаракаталдалъун, Россиялъул халкъазул адабияталъул рахъкквеялъул программа гIумруялде бахъинаби мурадалда.

**Информациялъул**
**«Гумбет» гIуцIи**

КЪАБУЛЕБ БУГО ЦIУМУР

# Бакълъулазул цIалдохъабазда гьоркьор – олимпиадаби

**Гьаб соналъул октябрь моцIалда МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIоритIана 7-11 классазул цIалдохъабазда гьоркьор экологиялъул, биологиялъул, ОБЖялъул, обществознаниялъул, гIурус мацIалъул, адабияталъул олимпиадаби. Гьезда гIахьаллъана кинавниги 191 цIалдохъан.**

Экологиялъул олимпиадаялда 7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна Асият МухIамадовалъ - Гьоркь Инхо СОШ, 8 классазда гьоркьоб гьебго школалъул цIалдохъан Чакар Юнусовалъ, 9 классазда гьоркьоб Зарипат ХIайбулаевалъ - ЦIияб Аргъвани СОШ, 10 классазда гьоркьоб МухIамадрасул АбулхIасановас - ЦIиликь СОШ, 11 классазда гьоркьоб Хадижат ХIажиевалъ - Гьоркь Инхо СОШ.

Биологиялъул олимпиадаялда 7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Аминат Чупалаева – Килалъ СОШ, 8 классазда гьоркьоб Марият МухIамадова – ТIад Инхо СОШ, 9 классазда гьоркьоб ПатIимат Мутаева – Гьоркь Инхо СОШ, 10 классазда гьоркьоб МухIамадхIабиб Камалов – ЦIиликь СОШ, 11 классазда гьоркьоб Пайзат МухIамадова – ЛъаратIа СОШ.

ОБЖялъул олимпиадаялда 7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI ГIабдулхIамид АбулхIасановас – ЦIиликь СОШ, 8 классазда гьоркьоб гьебго школалъул цIалдохъан ПатIимат ГIусманхIажиевалъ, 9 классазда гьоркьоб ПатIимат Расуловалъ – МелъелтIа СОШ, 10 классазда гьоркьоб Зайнаб МухIамадовалъ – ЛъаратIа СОШ. 11 классазда гьоркьоб Ражаб Даитбеговас – МелъелтIа СОШ ккуна.

Обществознаниялъул олимпиадаялда 7 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Самира ХIажимурадова – Игьали СОШ, 8 классазда гьоркьоб Раисат СайгидмухIамадова – Игьали СОШ, 9 классазда гьоркьоб ПатIимат Мутарипова – Гьоркь Инхо СОШ, 10 классазда гьоркьоб Аминат Мутаева – Игьали СОШ, 11 классазда гьоркьоб Пайзат МухIамадова - ЛъаратIа СОШ.

ГIурус литератураялъул олимпиадаялда 11 классазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Шамил ИсубхIажиевас – Килалъ СОШ, 10 классазда гьоркьоб Зайнаб МухIамадовалъ – ЛъаратIа СОШ, 9 классазда гьоркьоб Зайнаб ГIабдусамадовалъ – Игьали СОШ, 8 классазда гьоркьоб Марьям МухIамадовалъ – ЛъаратIа СОШ, 7 классазда гьоркьоб Марият МухIамадовалъ – МелъелтIа ООШ ккуна.

**ГIайшат Исламбиева**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСУ

# Мелъел хабалал рецизе, къадал гьаризе рахъана

**5 ноябралда Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росдал бихьиналги руччабиги Хьонда хабалалъе субботникалъ рахъун рукIана.**

15-20 соналъ цере гьел хабалалги, ХьиртIанахъа ва цоги бакIазда ругел хабалалги жидеего хер къваригIараз рецулаан. Росдал администрациялъ (Советалъ) гьеб бецулезе мухьдахъ бутIаби гьарун бикьулаан. Хабалалъе чи хведал кьулгъу гьабизе, лъагIалил хириял къояз хабатIе рахине унезе санагIатаб хIалги букIунаан. Гьанжейин абуни хабалални кир гурин рецулел, жидеего кьурал приусадебниял участкабицин рецизе нагагьал гIадамал гурони рахъунареб заман бачIун буго. Чанго соналъ рецичIел хабалалги бихьиназе хIетI лъезе санагIат гьечIеб хIалалде ккана, басрияб харица, чIахIалъ киса-кибего хобалги гьезда гьоркьобакIалги рацана. Рахъуна хабалалъе щибаб соналъ гьоркьо-гьоркьор цо-цо гIадамал, жидерго агьлуялъул хварал рукъарал бакIазде, гIидалъул къоял тIаде щвелелде нухал гьарун хер бецизе.

Гьебги хIисабалде босун, росдал имамасулгун дандги бан, Пижайнат ГIалиевалъ телефоналдасан группабазде хъванги, нухда дандчIваразде абунги, ахIи бана хабалал рецизе рахъаян. 120 гIан чи – хералги гIолохъаналги рахъана гьеб къоялъ хабалалъе. Бихьиназ риххарал къадал гьаруна, сетка бегун батарал бакIазда битIизабуна, гIолохъанал васаз руччабаз бецараб хер нахъе баччана. Киналго цоцакьа къечIого, жигаралда хIалтIана.

Гьел хабалал кIудияб руго, гIемер соназул харил басрател букIиналъ квер рекIунедухъ гьечIо, байбихьараб пайдаяб, кири цIикIкIараб, хабал агьлуги бохулеб хIалтIи, гIазу бачIони, роцIарал къоял рачIани, хадурккунги субботникал тIоритIун, ахиралде щвезабуни лъикIаб букIинаанин рикIкIунеб буго киназго.

Хирияд яцал, ясал рачIа нилъеца байбихьараб гьаб росдал хабалал рацIцIад гьари киса-кибего рагIалде бахъинабилин. Аллагьас зияратлъун къабул гьабеги гьенибе бахъараб хIетIги, азардаражаялде бахинабеги гьенибе бачIараб садакъаги, Аллагьас хIал кьеги щибаб цIаракиялдаса чияс гIахьаллъи гьабизеги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

## Бакълъулазул районалъул ЛъаратIа росулъ тIобитIана «ГIадамазе рохел сайгъат гьабиялъе гIоло» акция

**Бакълъулазул районалъул ЛъаратIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул хIалтIухъабаз «Милъирщо» лъималазул ахалъул коллективалъгун цадахъ тIобитIана «ГIадамазе рохел сайгъат гьабиялъе гIоло» акция.**

Гьеб тадбир гIуцIун букIана «ЛъикIал ишазул хаслихълъиялъул марафон – 2018» абураб республикаялъулаб акциялда рекъон. Лъималазул умумулги гIахьаллъана гьенир. ГьитIичаз кечI ахIиялъул, кьурдул, кучIдул рикIкIиналъул номерал рихьизаруна. ТарбиячагIазда цадахъ лъимал ана харабазухъе, инвалидазухъе, гьездаги художественниял номерал рихьизаруна, гьезие сахлъи, рохел гьарун калам гьабуна.

**«Гумбет» РИО**

# В Гумбетовском районе проходят образовательные курсы по Федеральной программе «Ты – предприниматель»

**6–7 ноября 2018 года в Гумбетовском районе проходят образовательные курсы по Федеральной программе «Ты – предприниматель», организованные ГАУ РД «Центр поддержки предпринимательства Республики Дагестан» совместно администрацией МР «Гумбетовский район» и Гумбетовским молодежным центром.**

К реализации образовательных программ, которые начнутся в ноябре 2018 года, привлекаются федеральные и региональные бизнес-тренеры и эксперты. Планируется посещение успешных предприятий, организация систематического взаимодействия с действующими бизнесменами и создание института наставничества. «Географический охват программы – весь Дагестан. Образовательные курсы пройдут на базе 20 муниципальных образований РД.

Посредством проведения онлайн-трансляций и видеоконференций будет представлена возможность участия молодёжи всех городов и районов Дагестана. Реализация программы осуществляется через последовательное проведение мероприятий, позволяет молодому человеку интенсивно пройти путь от знакомства с основами предпринимательской деятельности до формирования и правового оформления собственного бизнеса», – заявила директор по развитию тренингового центра Фабрики предпринимательства Лейсан Гарисулина. «В качестве базовых мероприятий проводятся игровые, тренинговые, образовательные курсы, позволяющие задействовать молодых людей различного территориального и образовательного уровня», – отметил директор молодежного центра Магомед Зубаиров.

Начальник отдела экономики, сельского хозяйства и имущественных отношений администрации МР «Гумбетовский район» Гусен Мутаев, в свою очередь, подчеркнул: «Основная цель данных курсов – популяризация предпринимательской деятельности среди молодежи и создание активной предпринимательской среды». Итогом образовательных курсов будут два ключевых широкомасштабных мероприятия: региональный этап Всероссийского конкурса «Молодой предприниматель России» (ноябрь 2018 г.) и итоговый конгресс «Ты – предприниматель»



(декабрь 2018 г.), которые покажут уровень подготовленности действующих и начинающих бизнесменов, позволят выявить талантливую молодежь и найти инвесторов для реализации их бизнес-проектов.

**«Гумбет» РИО**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович Гиздудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.